



U.S. Small Business
Administration

U.S. SMALL BUSINESS ADMINISTRATION FICH TEKNIK - KREDI POU KATASTWOF

NEW YORK Deklarasyon 20012 & 20013

(Dezast: NY-20000)

Ensidan: TANPÈT GRAV AK INONDASYON

An Lokirans : 28 - 30 Septanm 2023

Nan New York, zòn : *Kings ak Nassau*; ak kote andeyò nan New York yo: *New York, Queens, Richmond, ak Suffolk*

Dat limit pou aplikasyon yo:

Domaj Fizik: 2 Fevrye 2024

Domaj Ekonomik: 4 Septanm 2024

Si ou abite nan yon zòn ki sibi katastwof, ou gen dwa pou resevwa asistans finansye ki soti nan Administrasyon ti Biznis Etazini (SBA).

Ki Kalite Prè Katastwof ki Disponib?

- Prè pou domaj fizik – Prè pou biznis pou repare oswa ranplase byen ki andomaje nan biznis la, ki gen ladan byen imobilye, envantè, fou, machin ak ekipman. Biznis de tout kalite gen dwa. Organizasyon prive san pwofi tankou charite, legliz, inivèsite prive, elatriye, gen dwa tou.
- Prè pou domaj ekonomik (EIDL) – Prè kapital travay pou ede ti biznis, kooperativ agrikòl, ti biznis ki angaje nan akwakilti, ak pi gran pòsyon nan organizasyon prive san pwofit de tout kalite, satisfè obligasyon finansye òdinè ak nesesè yo ke yo pa kapab satisfè kòm akoz dega katastwof la. Prè sa yo an plas pou ede moun atravè peryòd rekiperasyon akoz de katastwof la.
- Prè pou Domaj nan Kay - Prè pou pwopriyetè kay oswa moun ki nan lwaye pou repare oswa ranplase byen imobilye ak byen pèsonèl yo ki andomaje akoz de katastwof la, gen ladan'l tou otomobil.

Ki kondisyon pou benefisyé kredi a?

- Istorik Kredi - Aplikan yo dwe gen yon istorik Kredi SBA aksepte
- Ranbousay - Aplikan yo dwe gen kapasite pou yo ranbouse prè a.

Ki to enterè yo ye?

Dapre lalwa, to enterè a depann de si chak aplikan gen Kredi Ki Disponib lòt kote. Yon aplikan pa gen Kredi Ki Disponib lòt kote liè SBA detèmine ke aplikan an pa gen ase lajan oswa lòt resous, oubyen kapasite pou prete nan sous ki pa sòti nan gouvènman an, pou founi pou rekiperasyon katastwof li yo. Yon aplikan, ke SBA detèmine gen kapasite pou founi pou rekiperasyon li an, konsidere kòm gen Kredi Ki Disponib lòt kote. To enterè yo fikse pandan tèm prè a. To enterè pou katastwof ki aplikab la a se:

Tip prè pou domaj fizik	San Kredi ki disponib lòt kote	Avèk Kredi ki disponib lòt kote
Prè pou kay	2.500%	5.000%
Prè pou biznis	4.000%	8.000%
Organizasyon san pwofi	2.375%	2.375%

Tip prè pou domaj ekonomik	San kredi ki disponib lòt kote	Avèk Kredi ki disponib lòt kote
Biznis ak ti kowoperativ agrikòl	4.000%	N/A
Organizasyon san pwofi	2.375%	N/A

Ki kondisyon pou prete?

Lalwa otorize tèm pre a jiska yon maksimòm de 30 lane. Sepandan, lalwa limite biznis ki gen kredi ki disponib lot kote a yon tèm maksimòm de 7 lane. SBA detèmine kantite peman chak mwa ak maturite ki koresponn sou baz kapasite chak emprante a pou remete lajan an. Emprante yo ka gen obligasyon bay garanti.

Ki sa ki se Limit Lajan Prè yo?

- ****Prè Biznis**** – Lalwa limite prè pou biznis yo jiska 2,000,000 dola pou repare oswa ranplase byen imobilye, envantè, machin, ekipman, ak tout lòt pèt fizik. Sou baz sa a, kantite prè yo pa ka depase total pèt katastwòf ki pa asire.

- ****Pre Dègat Ekonomik**** – Lalwa limite prè pou domaj Ekonomik jiska 2,000,000 dola pou soulaje dega ekonomik ke katastwòf la te koze. Kantite reyèl chak prè limite nan dega ekonomik ke SBA detèmine, mwens asirans pou entèripsyon biznis ak lòt ranbousman jiska limit prè administratif la. Asistans EIDL disponib sèlman pou antite yo ak pwopriyetè yo ki pa ka founi rekiperasyon yo sòti nan sous ki pa sòti nan gouvènman an, jan SBA detèmine sa a.

Ki sa ki se Restriksyon sou Elijibilite Prè yo?

- ****Pèt ki pa Asire**** – Se sèlman pèt katastwòf ki pa asire oswa ki pa ka ranhouse pou yon lòt rezon ki elijib. Tout kantite ranbousman asirans ki gen pou aplike sou ipotèk ou, pa disponib pou finanse reparasyon katastwòf yo epitou li pa redui elijiblite prè yo. Sepandan, tout kantite ranbousman asirans ki aplike volontèman sou ipotèk ki genyen yo ap redui elijiblite prè yo.

- ****Pwopriyete ki pa elijib**** – Dezyèm kay, bato plezi pèsonèl, avyon, machin rekréyasyonèl ak pòtèg machin, ak lòt toujou, pa elijib, menm si yo itilize pou biznis. Pwopriyete tankou antik ak koleksyon elijib sèlman jiska valè fonksyonèl yo. Kantite pou amenajman eksteryè, pisin, elatriye, yo limite.

- ****Pa't respekte Kontra yo anvan**** – Aplikan ki pa't respekte tèm kontra SBA anvan pa ka elijib. Sa enkli moun ki pa t'ap kenbe asirans pou inondasyon ak/òswa asirans pou danje anvan.

Remak: Aplikan prè yo ta dwe tcheke avèk ajans/òganizasyon ki administre nenpòt asistans nan pwogram nan oubyen lòt asistans anba deklarasyon sa a pou detèmine kouman aprobasyon yon prè katastwòf SBA ta ka afekte elijiblite yo.

Eske gen èd finansye pou amelyorasyon nan kad mitijasyon?

Si aplikasyon prè ou a apwouve, ou ka gen dwa pou jwenn lajan adisyonèl pou kouvri kou amelyorasyon ki pral pwoteje byen ou kont dega ki kapab rive a lavni. Egzamp ki nan amelyorasyon yo ka gen baraj, dig, ponp pui, elatriye. Lajan prè pou amelyorasyon sa a ta dwe anplis sou kantite prè ki te apwouve a, men li pa ka depase 20 poustan nan kantite total domaj fizik sou byen imobilye, ki enkli amelyorasyon lokatif ou, ak byen pèsonèl jan SBA te verifye, jiska yon maksimòm de \$500,000 pou prè kay. Li Pa nesesè pou ou soumèt deskripsiyan amelyorasyon an ak èstimasyon kou yo ansanm ak aplikasyon an. SBA dwe genyen aprobasyon sou mezi mitijasyon an anvan nenpòt ogmantasyon nan prè yo.

Èske gen èd ki Disponib pou refinansman?

SBA kapab refinanse tout oswa yon pati nan prè ou fè epi ki demontre pa yon lyen dirèk, lè aplikan an (1) pa gen kredi ki disponib lòt kote, (2) sibi domaj katastwòf ki sòti nan moun ki asire a san konpanse (40 poustan oswa plis nan valè byen an, oswa 50 poustan oswa plis nan valè strikti a), ak (3) vle repare domaj yo.

- ****Bizznis**** – Pwopriyetè biznis yo ka gen dwa pou refinansman prè ki deja egziste oswa yon lyen anrejistre sou byen imobilye, machin ak ekipman, jiska montan prè a pou repare oswa ranplase byen imobilye, machin, ak ekipman.

- ****Kay**** – Pwopriyetè kay yo ka gen dwa pou refenansman pre-siperyè ki deja egziste oswa yon lyen sou kay yo, jiska montan prè a pou reparasyon oswa ranplasman byen imobilye.

Si mwen deside deplase?

Ou ka itilize prè pou katastwòf SBA ou a pou ou deplase. Montan prè deplasman an depann de si ou deplase volontèman oswa pa fòs. Si ou entèrese pou deplase, yon reprezantan SBA ka bay ou plis detay sou sitiyyason ou a.

Eske Gen asirans pou prè yo ?

Pou pwoteje chak prè ak ajans la, SBA ka mande ou pou ou jwenn epi kenbe yon asirans apwopriye. Daprè lalwa, moun ki te prete yo epi ki gen pwopriyete yo ki lokalize nan yon zòn danjere inondasyon yo dwe achte ak kenbe asirans inondasyon. SBA egzije ke kouvèti asirans inondasyon an dwe kantite ki pi piti nan 1) total prè katastwòf la, 2) valè ki asirab pou byen an, oswa 3) maksimòm asirans ki disponib.

Aplikasyon pou prè katastwòf ka soumèt sou entènèt atravè Pòtal Prè MySBA nan <https://lending.sba.gov> oswa nan lòt kote ki anonse lokalman. Tanpri kontakte Sant Kliyan SBA a pa imel nan disastercustomerservice@sba.gov oswa pa telefòn nan 1-800-659-2955 pou plis asistans. Pou moun ki soud, ki tandé mal, oswa ki gen difikilte pou pale, tanpri rele 7-1-1 pou aksede a sevis telekomunikasyon.